



## Kisa SSI ye?

SSI oswa Revni Sekirite Siplementè se yon pwogram federal ki ofri peman lajan kach pa mwa pou moun ki nan nesesite. SSI se pou moun ki gen 65 lane oswa plis, pou moun nenpòt laj ak timoun ki avèg oubyen malad/enfim.

Pou ou kalifye ou dwe genyen yon revni ki piti oswa ou pa genyen ditou, oswa yon ti kantite resous. Sa vle di valè resous ou posede yo dwe pi piti pase \$2,000 si ou se yon selibatè oubyen mwens pase \$3,000 si ou marye. Kantite lajan kay ou vo pa konte si w ap viv ladan. Anjeneral, kantite lajan vwati ou vo pa konte. Epi kantite lajan sèten lòt resous vo, tankou yon espas nan simityè ka pa konte nonplis. Anjeneral, valè oto ou pa konte. Epi valè sèten lòt resous, tankou yon kav nan simityè ka pa konte tou.

Pou jwenn SSI, ou dwe aplike tou pou nenpòt lòt benefis lajan kach ou ka anmezi pou jwenn.

Ou dwe ap viv Ozetazini oswa nan Northern Mariana Islands (Zile Maryana) pou jwenn SSI. Si ou pa yon sitwayen ameriken, men w ap viv legalman Ozetazini, ou toujou ka anmezi pou resevwa SSI. Pou plis enfòmasyon, mande yon kopi piblikasyon *Revni Sekirite Siplementè (SSI) Pou Moun Ki Pa Sitwayen Ameriken* (Piblikasyon Nimewo 05-11051-HC).

Eta Kalifòni ajoute lajan sou peman federal la. Sèl peman ou resevwa nan kòmansman chak mwa gen ladan li peman federal SSI la ak peman siplementè Kalifòni an.

## Asistans Medikal

Si ou ap resevwa SSI, anjeneral ou ka resevwa asistans medikal (Medi-Cal) otomatikman. Li pa nesesè pou ranpli yon fòm aplikasyon apa pou Medi-Cal. Si ou gen kesyon konsènan Medi-Cal, kontakte biwo asistans piblik nan deputman local ou.

## Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (SNAP)

Moun k ap resevwa SSI nan California **pa kapab** resevwa Pwogram Asistans Nitrisyon Siplementè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP), ki te rele koupon pou achte manje (food stamps) anvan, paske eta a mete lajan nan peman federal SSI a pito.

Men, ou ka anmezi pou resevwa SNAP:

- Pandan ou ap tann yon desizyon sou aplikasyon SSI ou;
- Si aplikasyon SSI ou rejte; oswa
- Si ou ale viv nan yon lòt eta.

Pou plis enfòmasyon, kontakte biwo asistans piblik nan deputman lokal ou.

## Lòt sèvis sosyal

Men kèk lòt sèvis ou ka anmezi pou jwenn nan biwo asistans piblik nan deputman lokal ou:

- Yon lajan pou depanse espesyal pou chyen gid pou moun ki avèg oswa malad/enfim;
- Sèvis sipò nan kay; epi
- Sèvis pwoteksyon.

Pou plis enfòmasyon, kontakte biwo asistans piblik nan deputman lokal ou.

## Kantite lajan pou peman SSI pa mwa

Kantite lajan an enkli peman federal ak peman leta ansanm. Se pa tout moun k ap resevwa SSI ki jwenn kantite lajan maksimòm nan. Peman ou ka pití si ou gen lòt revni.

Kategori	Peman total pa mwa an 2012		
Selibatè	Granmoun Aje	Malad/Enfm	Avèg
Kondisyon de viv Endependan	\$854.40	\$854.40	\$909.40
Pansyon ak swen ki pa medikal	\$1,100.00	\$1,100.00	\$1,100.00
Kondisyon de viv endependan, san kwizin	\$938.40	\$938.40	\$698.00
Viv nan kay yon lòt moun	\$625.17	\$625.17	\$680.17
Timoun minè malad/enfim		\$761.40	
Timoun minè malad/enfim ki nan kay yon lòt moun		\$532.17	
<b>Granmoun aje marye oswa malad/enfim</b>			
Kondisyon de viv Endependan	\$1,444.20		
Pansyon ak swen ki pa medikal	\$2,220.00		
Kondisyon de viv endependan, san kwizin	\$1,612.20		
Viv nan kay yon lòt moun	\$1,100.00		
<b>Moun marye ki avèg</b>			
Kondisyon de viv Endependan			\$1,591.20
Viv nan kay yon lòt moun			\$1,247.00
<b>Mounn avèg ki gen yon moun aje osma yon moun malad/enfim ki marye avèk li</b>			
Kondisyon de viv Endependan			\$1,535.20
Viv nan kay yon lòt moun			\$1,191.00

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tande, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.